

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina ngébréhkeun basana, manusa sok ngagunakeun médium lisan jeung tulisan, malah sok binarung ku isarah. Média basa anu digunakeun ku manusa salaku panyatur salah sahijina kedal dina wangun kalimah. Kalimah sok digunakeun pikeun ngedalkeun gagasan atawa eusi pikiran, rasa, jeung kahayang minangka alat komunikasi. Dina kalimah ilaharna sok diterapkeun ayana tanda baca, lantaran peran kalimah hakékatna minangka kedaling basa nu lengkep tina hiji wacana. Saluyu jeung pamadegan (Sudaryat spk, 2013, kc. 183) anu nétélakeun yén kalimah téh kontruksi gramatik maksimal nu mangrupa bagian pangleutikna, miboga pikiran nu lengkep tina hiji wacana, jeung diwatesanan ku randegan panjang ogé miboga lentong pamungkas naék atawa turun, jeung rélatif bisa mandeg mandiri.

Jaman kiwari geus réa pakakas komunikasi nu wujudna dina wangun wacana, salasahijina warta. Warta biasana sok ngagunakeun basa atawa kalimah nu baku. Dina seuhseuhanana mah warta téh dijieun dina wangun tinulis, lantaran warta nu ditepikeun sacara lisan ogé dasarna mah warta dina wangun tinulis. Ku kituna, nu nepikeun warta boh dina radio atawa TV disebutna “*maca berita*”. Sakumaha pamadegan (Sudaryat spk, 2013, kc. 11) anu nétélakeun yén unggal basa téh diwujudkeun ku sora. Ku kituna, ulikan sora basa atawa tata sora jadi dasar ulikan tulisan atawa tata aksara.

Teu sakabéh kajadian atawa hal pantés dijieun warta. Kajadian atawa hal anu bisa dijadikeun warta téh nyaéta saupama éta kajadian atawa hal dianggap penting pikeun dipikanyaho ku balaréa tur dianggap bisa nyumponan kapanasaran balaréa. Warta téh mangrupa laporan nu panganyarna ngeunaan kajadian atawa peristiwa nu keur diomongkeun. Saluyu jeung pamadegan (Nur, 2014, kc. 34) nu nétélakeun yén warta téh nyaéta laporan ngeunaan kajadian atawa peristiwa nu ngirut jeung miboga ajén nu

penting, anyar kénéh atawa *up to date*, sarta dipublikasikeun ka balaréa ngaliwatan média massa. Nurutkeun Sudaryat jeung Hadiansah (2017, kc. 91) warta téh nyaéta iiber ngeunaan hiji kajadian atawa hiji hal, boh sawangan boh pamadegan, anu dumasar kana kanyataan. Biasana mah warta téh sok dimuatna dina média citak atawa diumumkeun dina radio atawa TV. Jadi cindekna mah, yén warta téh nyaéta carita atawa katerangan ngeunaan hiji kajadian atawa peristiwa nu keur ramé dicaritakeun ku masarakat.

Dina kahirupan masarakat, warta kaasup hal anu penting pisan lantaran dina warta téh aya sababaraha informasi nu kudu ditepikeun boh sacara lisan boh tulisan. Nulis warta ogé saenyana mah teu sagawayah. Jaba ti merhatikeun adegan warta, kudu diperhatikeun ogé adegan kalimahna. Adegan kalimahna kudu bener tur merenah basana, ogé tanda bacana kudu lengkep jeung bener, ieu hal téh penting sangkan teu kajadian ayana salah paham atawa salah hartina, lantaran ngarasa ambigu kana kalimah-kalimah nu aya dina téks warta. Nalika dina prosés pangajaran di sakola, aya ogé matéri ngeunaan warta. Ku kituna, pasualan nu karandapan téh nyaéta naha kalimah-kalimah dina téks warta geus bener jeung merenah? Lamun ditilik tina pasualan nu karandapan, di sababaraha sakola aya nu siswana teu bisa ngagunakeun basa Sunda, aya nu masih kamalayan ogé dina ngagunakeun basa Sunda, tapi aya ogé anu geus hadé nalika ngagunakeun basa Sunda. Éta hal téh bisa jadi faktor nu mangaruhan siswa waktu nulis dina basa Sunda, hususna nulis warta.

Salian ti éta ogé mindeng ayana struktur basa Indonésia nu dipaké nalika ngagunakeun basa Sunda. Éta hal lantaran siswa di sakola biasana ngagunakeun basa nu dipaké dina kagiatan sapopoéna, sarta kurangna minat siswa kana basa Sunda lantaran nulis ngagunakeun basa Sunda téh dianggap hésé. Ku sabab kitu, nalika dina pangajaran basa Sunda sok aya waé kasalahan makéna basa boh sacara lisan boh tulisan. Ayana kasalahan makéna basa téh salasihijina dibalukarkeun ku ayana pangaruh tina basa Indonesia nu mindeng dipaké komunikasi kagiatan sapopoé. Jaba ti éta, lantaran kurangna panyangkem siswa dina ngagunakeun éjahan, kecap, atawa struktur kalimah nu saluyu tur merenah. Ieu hal téh bisa ditilik tina hasil tulisan siswa

Fanny Setiawati, 2021

ADEGAN KALIMAH BASA SUNDA DINA TÉKS WARTA SISWA KELAS VIII SMPN 44 BANDUNG TAUN AJAR 2020/2021

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dina sababaraha sakola, teu ngan ukur di kota Bandung hungkul tapi oge di kota séjén. Saluyu jeung hasil panalungtikan Wagianti spk (2017, kc. 219), anu nétélakeun yén sikep basa siswa di sakola kana basa Sunda di lingkungan sakola atawa lingkungan pendidikan téh nyaéta negatif (handap), ieu hal lantaran dina lingkungan pendidikan, siswa leuwih mindeng ngagunakeun basa Indonésia tibatan basa Sunda dina kagiatan sapopoéna. Nalika dina pangajaran basa Sunda, guru ogé kudu ngajéntrékeun ka siswa yén kumaha basa Sunda nu bener tur merenah. Jadi, siswa geus sakuduna weruh kana adegan warta katut kaédah basana, komo lamun éta siswa téh urang Sunda. Ku kituna, perluna dipikaweruh kalimah-kalimah anu digunakeun ku siswa dina nulis téks warta.

Ku ayana pangajaran basa Sunda di sakola, dipiharep bisa jadi bongbolongan sangkan siswa bisa maham kana kalungguhan basa Sunda minangka basa daérahna, nu kudu tuluy digunakeun. Éta hal ogé bisa ngalatih siswa dina nambahan atawa ngajembaran deui pangaweruh ngeunaan kandaga kecap, éjahan, jeung adegan basana, hususna dina nulis téks warta. Pangajaran basa Sunda, hususna warta ogé bisa jadi tarékah sangkan siswa daék maca jeung nulis basa Sunda. Ku kituna, panalungtik milih élmu sintaksis, lantaran sintaksis téh mangrupa élmu anu maluruh ngeunaan hal-hal anu ngawengku wangun kalimah jeung adegan kalimahna. Ayana ieu panalungtikan téh bisa méré gambaran ngeunaan kumaha kalimah anu digunakeun ku siswa dina nulis téks warta, kitu ogé guru atawa pangajar bisa meunang gambaran kumaha carana sangkan siswa bisa nyangkem jeung wanoh conto kalimah basa Sunda anu bener tur merenah téh. Panalungtik milih data ti ieu sakola téh lantaran SMPN 44 Bandung mangrupa salasihiji sakola nu aya di kota Bandung nu kaasup kana tatar Sunda, sarta posisina aya dina wilayah kota anu basana loba kapangaruhan ku basa séjén. Salian ti éta, data nu digunakeun dina ieu panalungtikan ogé mangrupa data anu panganyarna ti siswa kelas VIII SMP 44 Bandung taun ajar 2020/2021.

Panalungtikan ngeunaan adegan kalimah lain hal anu anyar, saméméhna kungsi dilaksanakeun di antarana waé “Adegan Kalimah Basa Sunda dina *Twitter*” (Agustina Chandra Juwita, 2014), “Adegan Kalimah dina Téks Iklan Layanan Masyarakat Karangan Siswa Kelas VII C MTs Al-Inayah Bandung” (Ayu Widayani Sigid, 2014),

Fanny Setiawati, 2021

ADEGAN KALIMAH BASA SUNDA DINA TÉKS WARTA SISWA KELAS VIII SMPN 44 BANDUNG TAUN AJAR 2020/2021

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung “Adegan Kalimah Basa Sunda dina Artikel Siswa Kelas XII IPS 2 SMAN 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019” (Maolidda Auliya, 2015). Éta panalungtikan ngagarap ngeunaan adegan kalimah tina rupa-rupa sumber téks basa Sunda anu boga ciri has séwang-séwangan. Ieu panalungtikan ogé sarua ngagarap ngeunaan adegan kalimah basa Sunda, tapi bédana lebah sumber datana, nyaéta téks warta karangan siswa SMP sarta déskripsi ngeunaan karakteristik kalimah dina warta.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan ngeunaan adegan kalimah basa Sunda anu sumber datana téks warta karangan siswa can kungsi aya. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Adegan Kalimah Basa Sunda dina Téks Warta Siswa Kelas VIII SMPN 44 Bandung Taun Ajar 2020/2021” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Ambahan tina ieu panalungtikan diidéntifikasikeun kana wangun jeung adegan (fungsi jeung kategori) kalimah sampurna (kalimah salancar jeung kalimah rangkepan).

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan jeung idéntifikasi masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha wangun kalimah basa Sunda dina téks warta siswa kelas VIII-G SMPN 44 Bandung taun ajar 2020/2021?
- 2) Kumaha pola kalimah basa Sunda dina téks warta siswa kelas VIII-G SMPN 44 Bandung taun ajar 2020/2021?
- 3) Kumaha ciri has kalimah basa Sunda dina téks warta siswa kelas VIII-G SMPN 44 Bandung taun ajar 2020/2021?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung pasualan anu geus dipedar dina kasang tukang jeung rumusan masalah di luhur, tujuan ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikawanoh jeung ngadéskripsikeun adegan kalimah dina téks warta siswa kelas VIII-G SMPN 44 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikawanoh jeung ngadéskripsikeun tilu hal ieu di handap.

- 1) Wangun kalimah basa Sunda dina téks warta siswa kelas VIII-G SMPN 44 Bandung taun ajar 2020/2021;
- 2) Pola kalimah basa Sunda dina téks warta siswa kelas VIII-G SMPN 44 Bandung taun ajar 2020/2021; jeung
- 3) Ciri has kalimah basa Sunda dina téks warta siswa kelas VIII-G SMPN 44 Bandung taun ajar 2020/2021.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat nu dijembarkeun kana dua bagian nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun méré informasi jeung ngamekarkeun élmu pangaweruh widang sintaksis.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Dipiharep tina ieu panalungtikan bisa miboga mangpaat nu sipatna praktis pikeun sababaraha pihak saperti panalungtik, siswa, guru, nu maca, jeung pikeun pangajaran basa jeung sastra Sunda.

1) Pikeun Panalungtik

Ieu panalungtikan bisa jadi data pribadi ngeunaan déskripsi kalimah, adegan kalimah, jeung wangun kalimah, ogé sangkan nambahan pangaweruh jeung leuwih mahir kana widang sintaksis.

2) Pikeun Siswa

Tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan adegan kalimah jeung ngarojong siswa sangkan leuwih ngamotékarkeun adegan kalimah dina nulis téks warta.

3) Pikeun Guru

Tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran tur ngajembaran pangaweruh ngeunaan prosés ngajar, hususna dina pangajaran nulis téks warta tur pangajaran kalimah-kalimah basa Sunda.

4) Pikeun nu Maca

Tina ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngajembaran deui pangaweruh ngeunaan tata basa Sunda, hususna adegan kalimah.

5) Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Dipiharep ngaliwatan ieu panalungtikan, pangajaran basa jeung sastra Sunda bisa jadi leuwih loba deui rupa-rupa adegan kalimah nu bisa diajarkeun ka siswa jeung bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa sangkan bisa nulis kalimah nu merenah tur luyu jeung tata basa Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan téh disusun dina lima bab. Dadaran tina éta lima bab téh bisa katitén saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, anu eusina ngawengku Kasang Tukang Panalungtikan, Rumusan Masalah, Tujuan Panalungtikan (nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus), Mangpaat Panalungtikan (nu ngawengku mangpaat sacara tioritis jeung mangpaat sacara praktis), sarta Raraga Nulis.

Bab II Ulikan Tiori Adegan Kalimah, Panalungtikan saméméhna, jeung Raraga Mikir. Dina ieu bab dipedar ngeunaan tiori-tiori nu aya patalina jeung adegan kalimah, anu ngawengku wangenan kalimah, unsur-unsur kalimah, jeung wangun kalimah. Subbab unsur-unsur kalimah ngawengku fungsi, kategori jeung peran. Subbab wangun kalimah ngawengku kalimah sampurna (kalimah salancar jeung kalimah rangkepan).

Bab III Metode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan Data jeung Sumber Data, Desain Panalungtikan, Métode Panalungtikan, Instrumén Panalungtikan, Téhnik Ngumpulkeun Data, jeung Téhnik Ngolah Data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan analisis adegan kalimah (wangun, pola, jeung ciri has) basa Sunda dina téks warta siswa.

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Rékoméndasi tina hasil panalungtikan. Dina ieu bab dipedar kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan.